

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun meunangkeun data nu diperlukeun dumasar kana stratégi, prosés jeung pamarekan dina milih jenis, karakteristik, sarta diménsi ruang jeung waktu tina data nu diperlukeun (Sudjana, 2011:52). Nu dimaksud stratégi nyaéta pamarekan nu gemblerang nu patali jeung lumangsungna kagiatan, jeung rarancang dina hiji aktivitas dina kurun waktu anu tangtu. Éta pamadegan téh méh sarua jeung pamadegan Sugiyono (2011:2) yén nu disebut méthode panalungtikan dina enasnasna mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data nu ngabogaan tujuan jeung kagunaan nu tangtu.

Ari méthode panalungtikan téh wangunna aya dua nyaéta, méthode kualitatif jeung kuantitatif. Nu disebut méthode kuantitatif nyaéta méthode nu data panalungtikannana mangrupa angka-angka jeung analisisna ngagunakeun statistik. Sedengkeun nu dimaksud méthode kualitatif nyaéta méthode naturalistik, sabab panalungtikanna dumasar kana kondisi alamiah (Sugiyono, 2011:7-8).

Bogdan jeung Taylor dina Moleong (2007:4) nétélakeun yén nu disebut méthode kualitatif téh nyaéta prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data deskriptif nu mangrupa data tinulis atawa lisan ti jalma nu ditalungtik.

Méthode deskriptif mangrupa hiji méthode panalungtikan nu aya dina méthode kualitatif. Nu dimaksud méthode deskriptif téh nyaéta méthode nu mibanda tujuan pikeun méré gambaran ngeunaan realitas kana objék nu ditalungtik sacara objéktif tur diébréhkeun aspék-aspék nu jadi puseur perhatian panalungtikanna.

Ieu méthode mangrupa istilah nu umum nu ngawengku rupa-rupa téhnik déskriptif. Nu dimaksud panalungtikan kalawan maké téhnik déskriptif téh nyaéta ngawengku panalungtikan nu ngajéntrékeun, nganalisis, jeung ngelompokkeun kalawan tehnik *survéy*, téhnik interviu, angket, téhnik *wawancara*, jeung *observasi*.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun, prosés/prak-prakan tatanén ti mimiti nepi ka bérés, istilah-istilah tatanén nu kapanggih di wilayah Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi, aspék budaya naon waé nu nyampak tina budaya ngahuma, jeung ngadéskripsikeun rarancang bahan pangajaran maca istilah tatanén dina pangajaran basa Sunda di SMA.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nyaéta cara pikeun ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun dina panalungtikan. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data (Kuswari, 2008:18).

1) Téhnik Ngumpulkeun Data

Tahap ngumpulkeun data mangrupa kagiatan utama dina ieu panalungtikan. Ieu kagiatan téh dimimitian ku ngayakeun survey ngeunaan obyék panalungtikan, sabada éta kakara kagiatan ngumpulkeun bahan/data ka sumber data (réspondén). Bahan nu patali jeung panalungtikan dikumpulkeun, kalawan ngagunakeun téhnik wawancara jeung observasi.

2) Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dilaksanakeun sabada data nu diperlukeun geus kakumpul. Kagiatan dina ngolah data ieu di antarana masing-masing data nu geus aya. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha cara, di antarana :

- a) observasi nyaéta kagiatan muserkeun panitén kana hiji obyék, cara ngumpulkeun data sacara langsung atawa nyata dumasar kana data anu aya. Dian ieu panalungtikan observasi nu digunakeun nyaéta observasi *participant*. Nu dimaksud observasi *participant* nya éta panalungtik kalibet sarta ngilu cicing di tempatn u ditalungtik.
- b) wawancara nyaéta gunem catur antara narasumber jeung nu ngawawancara. Wawancara mangrupa tahap awal pikeun meunangkeun informasi ngeunaan

- obyék nu baris ditalungtik. Anu jadi narasumber dina ieu panalungtikan téh nyaéta masarakat nu aya patalina jeung panalungtikan.
- c) masing-masing data istilah tatanén ngahuma nu kapanggih di Désa Bencoy dumasar kana data nu dikumpulkeun.
 - d) mariksa data nu geus kakumpul dumasar kana hasil panalungtikan
 - e) nyieun kacindekan tina data nu geus kakumpulkeun dumasar kana hasil panalungtikan.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan ngawengku sakabéh alat atawa cara nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu diperlukeun. Instrumen panalungtikan digunakeun sangkan leuwih gampang dina ngokolakeun hasil tina panalungtikan. Salah sahiji instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pedoman wawancara. Pedoman wawancara digunakeun sangkan ngagampangkeun nu nalungtik dina prosés panalungtikan, pedoman wawancara diwangun ku sababaraha patalékan nu dijadikeun acuan dina ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber atawa pikeun nyangking data nu aya patalina jeung istilah tatanén ngahuma di Désa Bencoy.

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing patalékan anu digunakeun pikeun ngawawancara, di antarana:

PEDOMAN WAWANCARA

No	Patlékan
----	----------

1.	Istilah ngahuma naon waé nu aya di Désa Bencoy ?
2.	Dina sataun biasana ngahuma dilaksanakeun sabaraha kali?
3.	Kumaha prosés/prak-prakan ngahuma ti mimiti ngolah tanah, ngurus, melak, nepi ka mangsa panén?
4.	Naon bédana melak paré di huma jeung di sawah?
5.	Aya bédana teu antara paré nu dipelak di huma jeung paré nu dipelak di sawah sarta kumaha rasana?
6.	Jenis paré nu biasa dipelak di huma biasana naon waé?
7.	Hama nu sok ngaganggu kana paré huma biasana naon waé?
8.	Biasana lahan nu sok dipaké ngahuma rata-rata sabaraha hektar?
9.	Pakakas naon waé nu biasa dipaké ngahuma, aya pakakas nu husus teu, sarta kumaha sistem kalénderna?
10.	Biasana tina salobang sok dieusian ku sabaraha binih?
11.	Sabaraha jarak ngaseuk?
12.	Budaya naon waé nu patali jeung ngahuma?

INSTRUMEN PANALUNGTIKAN

Wasta	:
Padumukan	:
Umur	:
Pakasaban	:

Patalékan di luhur mangrupa gurat badag tina patalékan nu baris ditanyakeun sangkan teu mengpar teuing tina tujuan panalungtikan anu hayang dihontal, tapi dina prak-prakannana di lapangan bisa leuwih lega dumasar kana kabutuhan.

3.4 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.4.1 Lokasi Panalungtikan


Lokasi anu dijadikeun tempat dina ieu panalungtikan nyaéta aya di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Kabupaten Sukabumi. Jarakna 20 Km ti puseur Kota. Wates wilayah Désa Bencoy nya éta beulah kaler aya Désa Sukalarang, beulah kidul aya Kecamatan Gegerbitung, beulah wétan aya Désa Cibeber Kecamatan Cianjur, beulah kulon aya Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas. Lega wilayah Désa Bencoy nya éta 831,75 ha ngawengku lahan sawah, kebon, leuweung, bangunan, jrrd. Lokasi nu dijadikeun panalungtikan di dieu nya étaunggal RT nu aya di désa Bencoy.

3.4.2 Sumber Data

Sumber data nyaéta subyék ti mana data éta dicangking. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta masarakat Désa Bencoy. Data dicangking ngaliwatan wawancara langsung, rekaman hasil wawancara, sarta dokuméntasi hasil tina panalungtikan di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi.

3.5 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rancangan anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data di lapangan. Desain panalungtikan dina ieu panalungtikan nya éta baris digambarkeun ieu di handap :



3.6 Wangenan Oprasional

Sangkan leuwih jéntré naon nu jadi ulikan dina ieu panalungtikan baris didadarkeun ngeunaan wangenan operasional tina variabel, di antarana:

1. **Istilah** nyaéta kecap atawa kantétan kecap nu kalawan gemet ngagambarkeun harti hiji konséps, prosés, kahanan, atawa sipat nu kacida panjangna tur kompléks bisa diwakilan ku hiji istilah nu kacida singgetna. Wangunna biasa mangrupa kecap asal atawa kecap rékaan.
2. **Tatanén** nyaéta salah sahiji pakasaban nu nyampak di masarakat nu raket patalina jeung kaparigelan ngolah pepelakan.
3. **Ngahuma** nyaéta kagiatan mélak paré nu dilakukeun di leuweung atawa di darat ku cara muka taneuh kosong nu teu digarap di tengah leuweung atawa tegal (pasir).
4. **Désa Bencoy** nyaéta wewengkon nu aya dibagian Kabupaten Sukabumi, tepatna aya beulah kulon.

5. **Bahan Pangajaran** nyaéta sakabéh matéri pangajaran nu rék ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar-ngajar sangkan nambahan pangaweruh jeung pangalaman.
6. **Maca** nyaéta hiji prosés nu dipilampah sarta digunakeun ku nu maca pikeun narima informasi nu ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan média tinulis. (Hudgson dina Tarigan, 1979 :7)
7. **SMA** nyaéta salah sahiji jenjang atikan formal sabada SMP.

3.7 Tahap-tahap Panalungtikan

Tahap-tahap panalungtikan anu dipedar dina ieu panalungtikan diantarana :

a) Tahap ngumpulkeun data

Tahap ngumpulkeun data mangrupa kagiatan utama dina ieu panalungtikan. Ieu kagiatan téh dimimitian ku ngayakeun survey ngeunaan obyék panalungtikan, sabada éta kakara kagiatan ngumpulkeun bahan/data ka sumber data (réspondén). Bahan nu patali jeung panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun téhnik panalungtikan diantarana wawancara jeung observasi sacara langsung ka lokasi panalungtikan, sarta ngadokuméntasikeun naon-naon anu diperlukeun salila panalungtikan.

b) Tahap ngolah data

Tahap ngolah data mangrupa tahap kadua sanggeus data nu diperlukeun kakumpul. Ti mimiti tiori nu dijadikeun dadasar panalungtikan, wawancara jeung observasi sacara langsung ka narasumber, sarta dokuméntasi nu geus kakumpul, diranjing-ranjing, diolah sangkan jadi data atawa informasi anu siap pikeun dilaporkeun.

Data nu geus kakumpul satuluyna dianalisis maké métode déskriptif. Anu didéskripsikeunnana ngawengku déskripsi umum Désa Bencoy, istilah-istilah ngahuma nu aya di Désa Bencoy, prosés/prak-prakan ngahuma ti mimiti melak, ngurus, nepi ka panén, papasingan istilah tatanén ngahuma dumasar kana hartina jeung istilah tatanén ngahuma pikeun bahan Pangajaran maca di SMA kelas XII.

c) Tahap nyusun jeung ngalaporkeun data

Tahap pamungkas sanggeus ngumpulkeun jeung ngolah data, nyaéta tahap nyusun jeung ngalaporkeun data dina wangun karya tulis skripsi nu eusina :

- 1) BAB I Bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi skripsi.
- 2) BAB II Dasar Tiori, medar tatapakan teori ngeunaan kabudayaan, istilah, tatanén ngahuma, jeung pangajaran.
- 3) BAB III Méhode panalungtikan, medar bagian skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan méhode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, boh méhode panalungtikan, boh prak-prakan ngolah data tina hasil panalungtikan, désain panalungtikan, wangenan oprasional, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrument panalungtikan, sarta prosedur dina ieu panalungtikan.
- 4) BAB IV, medar bagian skripsi anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, nganalisis data hasil panalungtikan, jeung medar ngeunaan luyu henteuna istilah-istilah tatanén ngahuma pikeun bahan pangajaran maca di SMA.
- 5) BAB V Kacindekan jeung Saran, medar bagian skripsi anu ngadéskripsikeun kacindekan jeung saran panalungtikan, anu ngawengku kacindekan jeung saran.